



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MTA AP ATRIBYE PRIM POU PWOJÈ  
AMELYORASYON KAPITAL AK REPARASON TINÈL MIDTOWN QUEENS APRE  
GWO TANPÈT SANDY**

***Yon kontra katran \$236.5 Milyon pral rebati sistèm tinèl la pandan lannwit ak nan wikenn***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Metropolitan Transportation Authority gen entansyon pou atribye yon kontra \$236.5 milyon dola sou katran pou rebati tinèl Midtown nan Queens, sa ki te andomaje pandan gwo tanpèt Sandy e depi lè sa li tap fonksyone avèk reparasyon tanporè. Kontra a – sa ki pral avèk Judlau Contracting Inc. – te apwouve pa Komite Pon ak Tinèl MTA jodia e li espere jwenn apwobasyon tout Konsèy Administrasyon MTA a nan Mèkredi.

“Gwo tanpèt Sandy te demontre bezwen pou enfrastrikti nou an pi ansekirite, pifò ak pi rezistan pou reponn a difikilte move tan, e jodia, nap pran yon lòt etap enpòtan nan direksyon sa,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Tinèl Queens Midtown se yon pati enpòtan nan rezo transpòtasyon pou tout zòn metropoliten an, e lè nou antreprann renovasyon agresif sa nou ka rebati nan domaj Sandy te koze epi asire ke li pwoteje kont pwochen tanpèt yo. Mwen kontan pou m wè pwojè sa ale delavan e mwen ankouraje Konsèy MTA pou kontinye efò a pou rebati pi byen pase anvan.”

Travay la espere pou kòmanse nan ete sa a e li pral gen ladan fèmte nan liy wout yo pandan lannwit ak nan wikenn. Gwo travay la ki gen rapò a Sandy ap ede restore tinèl Queens Midtown nan yon eta bon reparasyon anvan-tanpèt la apre 40 pousan nan longè tinèl la te emèje nan 12 milyon galon dlo sale korosiv pandan tanpèt oktòb 2012 la. Li pral gen ladan tou plizyè pwojè kapital nan yon efò pou rasyonnalize travay la ak diminye fèmte ki ta afekte sikilasyon an.

Pwojè a te finanse avèk yon pati nan \$336 milyon nan lajan sibvansyon Ajans Jesyon Ijans Federal ke yo te resevwa pou reparasyon ki gen rapò a Sandy nan tinèl Hugh L. Carey ak Queens Midtown, ak atravè pwogram Pon MTA ak Bidjè Kapital.

Depite Carolyn B. Maloney te deklare, “Envestisman sa a nan reyabilitasyon tinèl Midtown pral restore wout la nan kondisyon li te ye anvan-Sandy pandan lap minize

deranjman ak reta epi bay priyorite pou sekirite vwayajè yo. Mwen te travay pou garanti finansman federal pou reparasyon sa yo, e mwen kontan pou m wè pwojè enpòtan sa yo a prale delavan.”

“Lè Sandy te inonde tinèl Queens Midtown avèk plizyè milyon galon dlo, ekip nou an te travay avèk san pran souf pou fè reparasyon imedyat epi fè sikilasyon an kontinye ankò,” te deklare Prezidan Pon ak Tinèl MTA James Ferrara. “Kounye a nou bezwen repare konplètman domaj la epi fòtifike tinèl la pou l ka pi rezistan pou lavni.”

“Konbine travay Bidjè Kapital avèk reparasyon Sandy ki nesèsè ak rediksyon travay ap pèmèt yon pwojè kowòdone ki transparan ki pral fèt pi efikasman e avèk mwens enpak sou kliyan nou yo,” te deklare Vis Prezidan Pon ak Tinèl MTA ak Enjenyè Anchèf Joe Keane.

Travay reparasyon ak restorasyon Sandy gen ladan ranplasman tout gwo sistèm nan tinèl la, enkli eletrisite, ekleraj, kominikasyon, siveyans ak sistèm kontwòl. Restorasyon ak efò rediksyon pral konplete tou nan sal ponp nan mitan rivyè tinèl la kote yo pral enstale nouvo ponp anba dlo.

Travay strikti nan tinèl la pral gen ladan ranplasman podyòm, kanalizasyon, karo mi, finisyon plafon, panèl polimè, ak koub ak goutyè. Tinèl la pral resevwa tou nouvo ekleraj wout LED ak nouvo ansèy ki byen make sòti yo, limyè ak telefòn ijans. Travay Pwogram Kapital la gen ladan ranplasman sistèm liy dife nan toulède tib yo ak renovasyon konplè nan plaza sòti Manhattan, enkli ranp nan 36<sup>yèm</sup> Street kote yo pral fè reparasyon jwenti pasyèl ak antye.

Pon ak Tinèl yo te voye yon demann pou pwopozisyon pou travay 16 konapyi konstriksyon ki te kalifye alavans baze sou eksperyans ak espesyalite nan reparasyon tinèl ak kapasite finansye teni kont de kompleksite pwojè a. Senk nan kontraktè sila yo te soumèt òf, e Judlau Contracting, Inc. se te soumisyonè ki te pi ba.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418